

## Bluejay Strong – 10 Janvyè 2024

Bonswa, elèv yo ak paran yo.

Pandan mwen t ap kondwi pou ale nan biwo a maten an, li te touche m anpil pou wè anpil pankat ak riban ki montre kalite konpasyon ak ankourajman nan men fanmi ak konpayi Perry yo. Mwen vle ou konnen ki jan mwen fyè de ou nan plizyè fason nou tout sipòte youn lòt. Pandan n ap travay ansanm pou gerizon ak espwa, tanpri pwofite de resous sipò ki disponib pou ou ak fanmi ou jan sa nesèsè.

Jodi a se vizit pou Ahmir Jolliff epi mwen konprann anpil nan nou pral asiste pou bay respè nou ak kondòleyans ak fanmi li. Jodi a ak demen pral difisil, apiye youn sou lòt ak sou resous sipò ki disponib pou ou yo.

Objektif mesaj sa a se bay dènye nouvèl sou yon varyete sijè enpòtan yo atan. Si ou gen lòt kesyon, tanpri voye yo bay [Bluejaystrong@g.perry.k12.ia.us](mailto:Bluejaystrong@g.perry.k12.ia.us).

Tanpri sonje, pandan nou pa gen lekòl kounye a, gen kèk aktivite ak sèvis move tan sezon livè a kapab afekte. Konsilte chanèl abityèl yo pou dènye nouvèl sa yo - School Messenger, sit entènèt lekòl la, estasyon televizyon ak radyo lokal yo, ak paj Facebook lekòl pou mizajou yo.

### Nouvèl pou Jodi a - Mèkredi 10 Janvyè 2024

#### Retounen lekòl

- *Rapèl:* Pa gen lekòl pou TOUT elèv yo semèn sa a.
- Apati jodi a, plan distri a pou retounen nan salklas yo gen kèk enfòmasyon enpòtan ak dat pou pataje ak tout moun.

#### ELEMANTÈ

- **Mèkredi 17 janvyè:** Yon Jounen Pòt Louvri pou paran ak elèv elemantè yo ap fèt depi 2 p.m. - 5:30 p.m. Sèvis konsèy ap disponib sou plas.
- **Jedi 18 Janvyè:** Elèv elemantè yo ap retounen nan salklas la epi y ap voye yo ale bonè, sa ap kontinye jiskaske toulètwà batiman yo pare pou yon jounen konplè.

#### LEKÒL ENTÈMEDYÈ

- **Jedi 18 Janvyè:** Y ap fè yon Jounen Pòt Louvri pou paran yo ak elèv yo k ap kòmanse a 2è pm. - 5:30 p.m. Sèvis konsèy ap disponib sou plas.
- **Vandredi 19 Janvyè:** Elèv Lekòl Segondè yo pral retounen nan salklas la epi y ap voye yo ale bonè nan jou sa a, epi y ap kontinye voye yo ale bonè jiskaske toulètwà twa batiman yo pare pou yon jounen konplè.

#### LEKÒL SEGONDÈ

- **Yo toujou ap diskite sou dosye pou elèv lekòl segondè yo retounen nan lekòl la paske gen anpil faktè pou yo konsidere.**

#### Lòt Anons

- *Rapèl:* Vizit Ahmir Jolliff la se jodi a nan Chapèl Perry nan Caldwell Parrish jiska 7 p.m., epi fanmi an ap la pou resevwa moun yo apati 4 p.m.
- *Rapèl:* Klas an pèsòn nan DMACC te kòmanse jodi a. Si elèv yo gen kesyon oswa yo bezwen èd, kontakte DMACC Perry Van Kirk Center. Elèv k ap pran kou sou entènèt yo ta dwe deja resevwa Imèl nan men pwofesè yo. Si yon elèv bezwen asistans oswa fleksibilite pou nenpòt klas, tanpri fè pwofesè w la konnen. Manyèl kou DMACC yo disponib nan Perry Van Kirk Center.
- *Rapèl:* Yo ranvwaye TOUT konpetisyon ekstraeskolè yo jiska 16 janvyè. Antrenè ak esponsò yo pral pataje plis enfòmasyon ak ekip pa yo a, ki gen ladan detay sou nenpòt pratik ki rekòmanse semèn sa a.

- Opòtinite Antrènman : Teyat Perry Grand, ak sipò Optimist Club of Perry ak RE /MAX Concepts Care, ap ofri admisyon gratis, bwazon gazez ak pòpkòn pou sipòte kominote a nan Vandredi,<sup>12</sup> Janvyè a 11 a.m. epi ak 2 p.m.

## Resous

- **CHEN POU KONFÒ:** Ekip chen pou konfò LCC K-9 - Eden, Gideon, Katie, Phineas, Charite ak Joanna, ansanm ak mèt yo - disponib pa randevou. Epitou, y ap nan Bilding Kominote McCreary chak jou apati 9è a.m. - 11 a.m. ak 1 p.m. - 3 p.m., ansanm ak nan lòt kote alantou kominote a. Gade la a pou konnen dènye nouvèl yo; oswa ou ka voye imèl bay [coordinator@k9comfort.org](mailto:coordinator@k9comfort.org) oswa ou ka rele oswa voye mesaj tèks bay 847-287-6612, pou pran randevou pou yon vizit.
- **GADRI POU TIMOUN:** Gadri a disponib nan Batiman Kominote McCreary (McCreary Community Building) a gratis pou timoun ki gen laj pou al lekòl apati 6è a.m. - 6è p.m. Epitou, genyen kowòdonatè ijans pou katastwòf ki pou reponn kesyon fanmi yo ta genyen.
  - Y ap bay manje, kolasyon epi y ap fè divès aktivite gratis; epi paran yo ap bezwen akonpanye timoun yo nan Batiman Kominote McCreary a, epi enskri yo pou yo ka antre. Epitou, si gadyen k ap vin pran timoun yo diferan de moun ki te depoze yo a, tanpri asire w ou mete enfòmasyon kontak (imèl ak nimewo telefòn).
  - Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte: McCreary Community Building nan 515-465-5621
- **MANJE MIDI:** Manje midi pou pòte ale ap disponib chak jou jiska nouvo avi nan lekòl elemantè a sòti 11:00è a.m. - 12:30è p.m. Yo pral afiche nenpòt chanjman akòz move tan sezon fredri a sou sit entènèt lekòl la, School Messenger, KCCI, ak paj medya sosyal lekòl la yo.
- **KONSÈY:** Heart of Iowa Community Services (Sèvis kominotè Heart of Iowa) ([www.hicsiowa.org](http://www.hicsiowa.org)) ka konekte elèv ki bezwen sesyon konsèy pou jwenn sipò sante mantal ak sèvis kowòdinasyon swen alontèm. Gen asistans finansye ki disponib pou moun ki pa gen asirans oswa moun ki gen kouvèti asirans limite. Kontakte Brandon Tews nan [brandon.tews@dallascountyiowa.gov](mailto:brandon.tews@dallascountyiowa.gov) oswa 515-993-1722. Nou pral afiche tou resous sipò sou paj Facebook lekòl la yo.
  - Jodi a, gen sipò konfidansyèl anliy gratis atravè Project Recovery Iowa. Vizite [Project Recovery Iowa](http://ProjectRecoveryIowa.org) - pou w enskri pou yon tan pou yon konvèsasyon vityèl, pa telefòn oswa chat epi endike ki lè k ap bon pou ou. Rele 1-800-447-1985 pou plis enfòmasyon.

## Sa k ap pase Demen - 11 Janvyè 2024

- Antèman Ahmir Jolliff la se demen nan Legliz Katolik St Patrick nan Perry nan 10:30 a.m.
  - *Ap gen plas siplemanntè ki disponib nan First Christian Church ki tou pre ri Legliz Katolik St. Patrick la.*
  - *Y ap transmèt antèman an tou an dirèk. Ou ka jwenn yon lyen nan: [www.caldwellparrish.com/obituaries/Ahmir-Jolliff?obId=30279853](http://www.caldwellparrish.com/obituaries/Ahmir-Jolliff?obId=30279853).*
  - *NÒT: Pakin nan trè limite alantou legliz yo. Transpò otobis ap kòmanse a 9:00 a.m. nan pakin pwofesè lekòl Perry Elementary School la, ki nan ri Dewey, pou rive legliz la. Dènye vwayaj la pral kite lekòl la pou rive nan legliz la a 10:15 a.m.*
  - *Yon fwa fineray la fini, transpò ap kòmanse imedyatman aprè fineray la pou retounen nan lekòl elemantè a.*

## Rapèl pou donasyon

- Distri Lekòl Kominotè Perry te etabli kont nan Raccoon Valley Bank aprè ensidan Jedi pase a.
  - Gen de (2) kont diferan: youn pou fanmi Ahmir Jolliff epi lòt la pou Viktim/Manm pèsònèl/Elèv lekòl Perry Community School la.
  - Nenpòt moun ki ta renmen fè yon don pa chèk oswa lajan kach, pase nan nenpòt Raccoon Valley Bank nan Perry, Adel, Dallas Center oswa Grimes. Tout chèk yo ta dwe fèt sou non "Perry Community School District" a avèk distenksyon/preferans kont lan nan liy memo a.
  - Yo ka aksepte don sou entènèt la isit:

- Bluejay Strong - <https://www.schoolpay.com/pay/for/Bluejay-Strong-/Sbql8AQ>
  - Fanmi Ahmir Jolliff - <https://www.schoolpay.com/pay/for/Ahmir-Jolliff-Family/SdUyyS9>
- Ou ka voye don yo tou atravè lapòs nan Raccoon Valley Bank nan PO Box 129, Perry, Iowa 50220. Lekòl Perry Community yo pral distribye 100% nan don yo kolekte yo bay moun ki afekte yo.